

Kisa evalyasyon tranzisyon yo ye ?

- Evalyasyon tranzisyon yo se pou elèv ki gen yon Pwogram edikasyon endividyalize [Individualized Education Program (IEP (PEE))] ki gen 14-22 zan (oswa anvan laj sa a si ekip IEP (PEE) a decide fè sa)
- Evalyasyon tranzisyon yo se nenpòt evalyasyon yo fè apre yon elèv vin gen 14 zan
- Evalyasyon tranzisyon yo ede Ekip IEP (PEE) a konprann kisa yon elèv bezwen, nan kisa l fò, sa l renmen, ak kisa l vle fè nan domèn travay, edikasyon, mòdlavi, ak patisipasyon nan kominote a
- Se Lwa sou Edikasyon pou Moun ki gen Andikap yo [Individuals with Disabilities Education Act (IDEA)] ki egzije evalyasyon tranzisyon an
- Evalyasyon pou tranzisyon yo bay enfòmasyon sou desizyon ekip IEP (PEE) a konsènan bezwen pou sipò ak sèvis yo pou tranzisyon an

Evalyasyon fòmèl : Yon tès yo devlope pwofesyonèlman yo itilize pou ede konprann pwogrè yon elèv an konparezon ak lòt elèv ki nan gwoup laj li, distri lekòl li, eta oswa peyi l, tankou MCAS la, yon tès entèlijans, envantè pou savwa viv oswa envantè pou konpetans akademik fonksyonèl yo.

Evalyasyon enfòmèl : Obsèvasyon oswa materyèl yo elabore pou paran / edikatè pou yo aprann kòman elèv la ap fonksyone nan klas la, nan travay, lakay, ak nan kominote a. Evalyasyon enfòmèl yo ap ede konprann kisa yon elèv vle oswa bezwen pou l fè pwogrè nan lekòl li, tankou entèvyou, evalyasyon travay nan klas, sondaj sou oto-detèminasyon, evalyasyon konpòtman fonksyonèl, oswa evalyasyon enterè pou pwofesyon l. Pa gen konparezon ak lòt elèv nan evalyasyon enfòmèl yo.

Resous yo

The LINK Center (Sant koneksyon an), yon pwojè tranzisyon Federasyon pou timoun ki gen bezwen espesyal yo
www.fcsn.org/linkcenter

Sit entènèt tranzisyon edikasyon segondè espesyal MA ESE a
www.doe.mass.edu/sped/secondary-transition

Konsèy sou asistans teknik SPED 2014-4 : Evalyasyon tranzisyon nan pwosesis planifikasyon tranzisyon segondè a
<http://www.doe.mass.edu/sped/advisories/2014-4ta.html>

Planifikasyon tranzisyon apre lekòl segondè nan Massachusetts : Fich ki gen egzanp evalyasyon tranzisyon yo
<http://www.doe.mass.edu/sped/advisories/transition-assessments-example-sheet.pdf>



Massachusetts Department of Elementary and Secondary Education

75 Pleasant Street
Malden, MA 02148
781-338-3000 | www.doe.mass.edu



FEDERATION FOR CHILDREN
WITH SPECIAL NEEDS

Federation for Children with Special Needs

The Schrafft Center
529 Main Street, Suite 1M3
Boston, MA 02129
800-331-0688 | www.fcsn.org

Konsèy sou tranzisyon pou paran yo ak elèv ki gen IEP (PEE) yo

(Laj 14-22 zan)



Evalyasyon tranzisyon

Yon seri bwochi The LINK Center fè. The LINK Center se yon pwojè Federasyon pou timoun ki gen bezwen espesyal ak Depatman Edikasyon Primè ak Segondè nan Massachusetts [Elementary and Secondary Education (ESE)] ap dirije

Evalyasyon tranzisyon nan Massachusetts : Bagay ou bezwen konnen...

KONSÈY 1 : Kòmanse poze kesyon sou elèv la

- Mande : Kisa nou bezwen konnen ?
 - Ki moun elèv la ye ? (pwen fò / konpetans / bezwen)
 - Kisa elèv la ta renmen fè kounye a ak kisa l vle fè alavni nan domèn travay, edikasyon, mòdlavi, ak kòm manm kominote a ? (enterè / preferans)
 - Ki konpetans elèv la bezwen devlope anvan l kite lekòl segondè pou l ka fè sa l vle alavni ?
- Se pa tout elèv k ap bezwen chak grenn evalyasyon
- Kite kesyon yo detèmine kantite ak kalite evalyasyon yo. Kisa w konnen ? Ki bagay anplis ou bezwen konnen ?
 - Èske w konnen anpil bagay sou vizyon elèv la, nan kisa l fò ak kisa l renmen fè, ak ki konpetans li bezwen devlope pou l ka reyisi kòm adilt ?
 - *Aprè sa, y ap bezwen fè mwens evalyasyon*
 - Èske w konnen yon ti bagay sou kòman elèv la ap fonksyone nan travay, nan kominote a, nan edikasyon alavni, oswa lakay ?
 - *Aprè sa, y ap bezwen fè plis evalyasyon*

KONSÈY 2 : Konnen kilè konsantman nesèsè

- Konsantman paran an oswa elèv la pa obligatwa pou yon evalyasyon tranzisyon lè...

Evalyasyon pou tranzisyon yo ap ede elèv yo konprann tèt yo

- Yo bay tout elèv li
- Li fè pati yon woutin oswa yon aktivite nan klas
- Li fè pati yon pwosesis regilye pou mezire pwogrè elèv yo avèk letan
- Anjeneral konsantman paran an oswa elèv la obligatwa pou yon evalyasyon tranzisyon si...
 - Li se yon evalyasyon fòmèl yo bay yon elèv espesifikman. Yo pa bay tout lòt elèv yo li

KONSÈY 3 : Evalye elèv yo lè w ap itilize plizyè estrateji

- Evalyasyon an ta dwe gen ladan l :
 - Enfòmasyon elèv la bay
 - Enfòmasyon paran yo bay
 - Enfòmasyon plizyè pwofesyonèl bay
- Yo ka fè evalyasyon an nan :
 - Lekòl la
 - Kominote a
 - Travay la

Evalyasyon tranzisyon an bay elèv yo opòtinite pou yo eksplòre enterè yo



Men kèk egzanp evalyasyon tranzisyon ki gen rapò a objektif apre lekòl segondè :

- Objektif Sandy apre lekòl segondè : Mwen vle ale nan inivèsite pou kat an, vin yon kreatè jwèt video, epi abite avèk zanmi
 - Kesyon evalyasyon tranzisyon an ta ka reponn :
 - Èske Sandy ap pase MCAS ? Kòman konpetans li ye nan enfòmasyon ? Èske l ka konsantre l pandan peryòd tan ki long ? Kòman l ap jwenn aksè a sèvis nan kominote a ak sèvis soutyen pou moun ki gen andikap nan inivèsite a ?
 - Evalyasyon ki posib :
 - Egzamen MCAS, Evalyasyon konpetans nan enfòmasyon / teknoloji, Tès anplwayabilite pwofesyonèl, Evalyasyon depasman ak mobilite
- Objektif Robert apre lekòl segondè : Mwen vle pran yon sètifika nan yon inivèsite kominote pou m travay ak bèt, jwenn yon travay nan yon pak zoolojik oswa yon fèm, epi abite poukont mwen.
 - Kesyon evalyasyon tranzisyon an ta ka reponn :
 - Kòman Robert sosyalize l ak bèt ? Kisa l renmen nan travay ak bèt ? Èske Robert reveye alè pou l al travay poukont li ? Èske l ka pran douch ak fè twalèt poukont li ?
 - Evalyasyon ki posib :
 - Evalyasyon pwofesyonèl fonksyonèl, Entèvyou ak elèv la, Evalyasyon konpetans konpòtmantal li, Envantè sou konpetans li nan lavi kotidyèn.

Yo ka itilize nenpòt evalyasyon lè yon elèv gen 14-22 zan pou yo chache konnen kisa elèv la bezwen, nan kisa l fò, sa l renmen, ak kisa l vle fè alavni